



Pou Piblikasyon Imedya: 05/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN SOVTAJ MILYA DOLA POU TI BIZNIS YO EPI POU RANFÒSE REKIPERASYON EKONOMIK NEW YORK

*Nouvo kredi enpo a ap bay soulajman pou ti biznis pou pran anchaj depans kapital ki lye ak COVID yo*

*Inisyativ prè pou ti biznis lan ap bay prè ki aksesib pou devlope ti biznis yo*

*Gouvènè a ap pwopoze lejislasyon nan fason pèmanan pou otorize vant bwason pou anpòte nan ba ak restoran yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon nouvo Plan Sovtaj Milya Dola (Billion Dollar Rescue Plan) pou ti biznis yo nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta a an 2022. Ti biznis yo, ki responsab pou 98 pousan nan tout biznis nan tout eta a, se kolòn vètebral ekonomi New York epi dapre plan Gouvènè a, eta a ap sipòte antite sa yo atravè divès inisyativ ki konsantre sou kwasans ti biznis pou lavni yo, k ap ede nouvo biznis k ap goumen yo tabli tèt yo epi bay soulajman enpo. Anplis, pou sipòte endistri restoran New York la, yon sektè ki te frape espesyalman pa COVID-19 la, Gouvènè a ap entwodui lejislasyon pou otorize nan fason pèmanan, vant bwason pou anpòte yo pou ba ak restoran nan tout eta a.

"Retou New York depann de rekiperasyon ak siksè ti biznis nou yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Depi pandemi an te frape a, pwopriyetè ti biznis yo t ap goumen ak defi san presedan. New York la avèk yon mesaj senp: gen èd ki nan wout."

Antanke yon ansyen pwopriyetè ti biznis, Gouvènè Hochul konprann defi ti biznis yo ap fè fas, menm nan pi bon moman yo. Gouvènè Hochul pafètman konsyen tou de kijan pandemi an te epwouve ti biznis nan tout New York, epi kisa ki nesèsè nan moman sa pou sipòte rekiperasyon ti biznis nou yo.

Pou ede ti biznis yo nan moman kritik sa, Plan Sovtaj Milya Dola Gouvènè Hochul la ap enkli pwogram ki sible estratejikman ki fèt pou reponn ak bezwen ti biznis, epi pou asire ke biznis ki pou minorite, moun defavorize, ak fanm yo pwospere nan tout Eta a.

Plan Sovtaj Milya Dola a genyen ladan l:

- **Finansman pou Ti Antrepriz Avni yo:** Inisyativ sa ap sipòte kapital risk ak dèt risk yo pou bay biznis k ap demare (startups) ki gen kwasans rapid epi soutni yo,

swa ki sitiye, oswa ki rete epi ki devlope nan Eta New York. Finansman sa ap ede ti biznis k ap emèje nan sektè inovan an, ki enkli konpayi ki pou minorite - ak fanm yo ke investisman kapital risk sektè prive a souvan neglije yo. Atravè pwogram sa, Eta New York ap kontinye sant inovasyon ak kwasans ti biznis yo.

- **Kredi Enpo sou Investisman Kapital COVID pou Ti Biznis yo:** Inisyativ sa ap bay yon kredi enpo pou ti biznis ki te pran anchaj depans ki lye ak COVID la, ki enkli chanjman, renovasyon, machinri ak ekipman ki lye ak ranfòsman sekirite pou COVID.
- **Finansman pou Demaraj pou Ti Biznis yo:** Inisyativ sa ap bay sibvansyon ki fleksib pou ti biznis ki nan faz kòmansman yo pou ede sila yo ki te ouvri resanman yo pran pye, malgre pandemi COVID la. Y ap bay priyorite a pwopriyete ti biznis ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik yo.
- **Inisyativ Prè pou Ti Biznis:** Inisyativ prè pou ti biznis lan ap bay prè ak enterè ki redui epi ki aksesib pou devlope ti biznis yo. Nan kad efò sa, inisyativ sa ap chèche abòde disparite nan mache prè tradisyonèl la, ki souvan ekskli ti biznis yo, patikilyèman ti biznis ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik yo, pou gen aksè nan prè pou devlope biznis yo oswa asime pi gwo kontra gouvènman yo.
- **Inisyativ Opòtinite Kontra Excelsior** - Inisyativ sa ap bay finansman eta a sipòte ak asistans teknik pou pozisyon ti biznis yo — patikilyèman sa ki defavorize sou plan sosyal ak ekonomik yo — pou sekirize kontra ki finanse nan nivo federal ki lye ak Lwa sou Investisman Enfrastrikti ak Travay (Infrastructure Investment and Jobs Act) federal 1.2 mil milya dola a. Inisyativ sa ap genyen ladan l tou etablisman yon Konsèy Opòtinite Kontra Excelsior entè-ajans — k ap genyen ladan l Empire State Development, Depatman Transpò Eta a (State Department of Transportation), Otorite Thruway (Thruway Authority), Otorite Transpò Metwopolitèn (Metropolitan Transportation Authority), ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) — pou idantifye estrateji pou ankouraje patisipasyon ti biznis ki pou gran minorite - ak fanm yo nan pwojè enfrastrikti ki finanse nan nivo federal k ap vini an atravè Eta a.
- **Legalize nan fason pèmanan vant bwason pou anpòte nan ba ak restoran yo:** Bwason a anpòte se te yon sous revni enpòtan pou ba ak restoran New York yo pandan pandemi an, ki ede anpil ti biznis atravè eta a peye lwaye ak ipotèk yo. Gouvènè Hochul ap otorize nan fason pèmanan vant bwason pou anpòte pou konsomasyon deyò lokal la kontinye sipòte rekiperasyon ba ak restoran yo.

Gouvènè Hochul ap bay tou, 100 milyon dola soulajman fiskal pou 195,000 ti biznis lè li elaji kalifikasyon epi ogmante yon ajisteman deklarasyon revni ki diminye yon revni komèsyal bri pou ti biznis.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)